

Kesyon yo Poze Souvan sou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang Delawè a



Sètifika Alfabetizasyon Miltilang

1. *Ki sa Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan ye?*

Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan, se yon prim ke Depatman Edikasyon Delawè a te mete sou pye nan [Rezolisyon Kolektif Kay 4 la](#) pou onore ak rekonèt elèv lekòl segondè ki te atenn yon wo nivo konpetans nan youn oswa plizyè lòt apa lang Angle .

2. *Kisa konpetans nan yon lang vle di?*

Konpetans vle di ke yon moun ka pale yon lang nan nenpòt ki sitiyasyon san ezitasyon ni fòse nan yon fason ke moun natif natal lang lan ka konprann byen. Konpetans lan lang montre ke moun lan kapab pale lang lan kèlkeswa kibò, ki lè oswa ki jan li te aprann lang lan.

3. *Kouman yo mezire konpetans nan lang?*

Pou sa ki gen avwa ak Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan, yo mezire konpetans nan lang mondyal yo dapre [Gid Konpetans ACTFL yo](#) ki dekri sa moun ka fè ak lang anrapò ak pale, ekri, koute, ak li nan nenpòt ki sitiyasyon san ezitasyon ni fòse. Pou chak konpetans, gen direktiv ki idantifye senk pi gwo nivo konpetans ki genyen: Distenge, Siperyè, Avanse, Entèmedyè, ak Inisyasyon. Pi gwo nivo Avanse, Entèmedyè, ak Inisyasyon yo sibdivize an nivo Wo, Mwayen, ak Ba.

4. *Èske gen diferan nivo sètifika pou diferan nivo konpetans?*

Wi, elèv lekòl segondè Delawè yo ka aplike pou de diferan nivo sètifikasyon:

- Sètifika Alfabetizasyon Miltilang **Nivo Lò** pou nivo konpetans entèmedyè rive mwayen
- Sètifika Alfabetizasyon Miltilang **Nivo Dyaman** pou nivo konpetans avanse rive ba

5. *Ki objektif Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan genyen?*

Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan se vèsyon So Alfabetizasyon Delawè a ki se yon repons nasyonal a rekonesans enpòtans aprantisaj lang kòm yon zoutiy ki itil nan karyè kritik ak konpetans nan espas travay. Sètifika a se yon rapèl reyèl ki bay elèv yo benefis ki genyen nan pale de oswa plizyè lang. Sètifika Alfabetizasyon Miltilang nan rekonèt ak onore elèv yo pou atenn nivo segondè nan konpetans nan lang nan lang anplis de angle ak valè konpetans nan lang natif natal nan plis pase 11,000 elèv k ap aprann angle nan Delawè.

Kesyon yo Poze Souvan sou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang Delawè a

6. *Kisa mwen ka fè ak yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang?*

Yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang se yon kalifikasyon ki ka ede diferansye ou kòm yon aplikan pou yon travay, antre nan kolèj oswa nan lame. Mete li sou CV ou, aplikasyon pou kolèj, ak aplikasyon pou travay. Dèyè sètifika a esplike ki bonjan ladrès lang 21yèm syèk ou pote nan mache travay la, inivèsite a oswa nan lame.

7. *Eske elèv Premye Sik Segondè ka aplike pou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan?*

Non, sèlman elèv ki enskri nan klas 9yèm rive 12yèm ane segondè ka aplike pou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan. Sepandan, elèv lekòl premye sik segondè yo ka konplete eleman evalyasyon ki nesèsè yo epi sèvi ak sa yo pou ranpli yon aplikasyon lè yo nan lekòl segondè.

8. *Ki kritè pou genyen pou ou resevwa yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang?*

Pou resevwa yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang Delawè, yon elèv dwe montre li maton nan yon lang mondyal anplis de anglè. Fè yon gade nan [Aplikasyon pou Sètifikasyon ELèv Alfabetizasyon Miltilang lan](#) pou gen tout enfòmasyon.

9. *Ki moun ki detèmine si yon elèv kalifye pou resevwa yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang?*

Se Konseye lekòl lokal yo ki responsab pou verifye dokiman elèv yo soumèt yo.

10. *Èske yon elèv kapab akimile kredi lekòl segondè ak yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang?*

Non. Yo pa ta dwe konfonn Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan ak règleman an ki pèmèt pou demontre konpetans nan bay kredi nan direksyon ranpli kondisyon lekòl segondè lang mondyal la. Sètifika a depase egzijans gradyasyon lekòl segondè an, li pa mare nan kredi lekòl segondè epi li pa akòde selon kondisyon pou fini kou yo.

11. *Kouman pou mwen aplike pou yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang?*

- 1) Revize direktiv yo ak kondisyon pou Sètifika Delawè nan alfabetizasyon miltilang.
- 2) Konsilte yon pwofesè lang mondyal, yon pwofesè k ap aprann angle oswa konseye lekòl ou a nan lekòl segondè ou a pou jwenn enfòmasyon sou evalyasyon ki alwouve nan lang ki ta pi bon pou ou a.
- 3) Si nòt ou a kalifye pou youn nan de nivo nan Sètifika a, ranpli [Aplikasyon pou Sètifikasyon ELèv Alfabetizasyon Miltilang lan](#).
- 4) Soumèt aplikasyon an avèk yon kopi rapò nòt evalyasyon ki apwopriye a bay konseye lekòl ou a nan lekòl ou a.

12. *Mwen se yon konseye lekòl segondè. Kisa pou mwen fè yon fwa mwen resevwa aplikasyon yon elèv pou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang a?*

Konseye lekòl yo ka senpleman jwenn aksè a egzamen Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan nan eSchool pou antre enfòmasyon elèv la. DOE ap trete aplikasyon yo nan premye jou travay nan

Kesyon yo Poze Souvan sou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang Delawè a

mwa Novanm, Fevriye, ak Me. Ou pral resevwa sètifika elèv la via lapòs leta nan 30 jou. Li konseye kenbe aplikasyon pou elèv yo nan dosye nan ka eta a bezwen verifye enfòmasyon elèv yo nan nenpòt ki moman.

- 13. *Ki pri Sètifika Alfabetizasyon Miltilang a?***
Elèv la pa bezwen peye pou aplike pou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan. . Sepandan, elèv yo ka responsab pou nenpòt ki depans ki fèt pou evalyasyon ke lekòl yo oswa distri lekòl la pa kouvri.
- 14. *Èske Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan aplike nan lang siy Ameriken (ASL)?***
Wi. Delaware rekonèt lang siy Ameriken kòm yon **lang mondyal**.
- 15. *Èske yon elèv ka kalifye pou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang nan plizyè lang?***
Wi. Pa gen limit nan kantite lang pou ki yon elèv ka kalifye. Kondisyon yo, dwe satisfè pou chak lang.
- 16. *Èske yo pral yap mete Sètifika Alfabetizasyon Miltilang sou relve de nòt lekòl segondè mwen an?***
Kounye a, non. Sepandan, Depatman Edikasyon an ap travay sou fason pou yo mete Sètifika sou kanè elèv yo.
- 17. *Elèv ki itilize nòt egzamen NA (Nivo Avanse) oswa BI (Bakaloreya Entènasyonèl) pandan dènye ane yo pou yo kalifye pou yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang pa pral resevwa rezilta yo jiskaske yo fin diplome. Èske yo pral kalifye pou resevwa yon Sètifika apre gradyasyon?***
Wi, yo ka bay Sètifika a apre yo fin diplome, sepandan DOE dwe resevwa tout aplikasyon pou elèv Filo Premye Me. Yon lekòl oswa yon distri lekòl ka chwazi yo rekonèt elèv sa yo kòm "kandida pou Sètifika Alfabetizasyon Delawè Miltilang" pandan fen- seremoni rekonesans ane an. Gradye yo pral poste sètifika yo pa lapòs Etazini yon fwa nòt yo verifye nan mwa Jiyè.
- 18. *Èske elèv ki nan lekòl ki pa piblik nan Delaware kalifye pou yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang?***
Wi, elèv ki nan lekòl ki pa piblik yo elijib pou resevwa yon Sètifika Alfabetizasyon Miltilang. Konseye lekòl yo pral oblije soumèt aplikasyon elèv la ansanm ak tout dokiman nòt dirèkteman nan Depatman Edikasyon an. Pou plis enfòmasyon konsènan Sètifika a pou elèv ki pa nan lekòl piblik, voye yon kourye elektronik bay cert.multilit@doe.k12.de.us.
- 19. *Kilè mwen ka jwenn yon Sètifika apre mwen aplike pou li?***
Ou ka aplike pou yon Sètifika nenpòt ki lè. Konseye lekòl ou a ap resevwa Sètifika ou an 30 jou apre aplikasyon an fin egzekite konplètman atravè eSchool. DOE ap trete aplikasyon yo apre premye jou travay nan mwa sa yo: Novanm, Fevriye, ak Me. Ou ka itilize Sètifika ou pou mete

Kesyon yo Poze Souvan sou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang Delawè a

aplikasyon pou travay ou, aplikasyon pou kolèj ak fòm bous detid yo. Dèyè sètifika a esplike ki bonjan ladrès lang 21yèm syèk ou pote nan mache travay la, inivèsite a oswa nan lame.

Konseye lekòl ou a ap resevwa tou yon meday ki gen Sètifika Alfabetizasyon Miltilang sele pandan mwa me nan dènye ane ou an. Medayon sa a ka itilize pa administrasyon lekòl la ak distri a pandan seremoni rekonesans.

- 20. *Si mwen aplike pou yon Sètifika Delawè Alfabetizasyon Miltilang men mwen ale nan yon lòt eta anvan mwen gradye, èske mwen kalifye pou yon lòt sètifika nan nouvo eta mwen an?***
Kounye a, 38 lòt eta ak Distri Kolonbya ofri prim ki sanble yo rekonèt konpetans ou nan lang nan adisyon a angle. Tou de nivo nan Sètifika Alfabetizasyon Miltilang Delawè a yo ekivalan a oswa pi wo nivo pase kondisyon anpil eta 'pou yon So nan Alfabetizasyon Miltilang Delawè a, vèsyon yo. Depi kondisyon yo varye de eta a eta, konsilte [So Alfabetizasyon De Lang](#) sou sit wèb Alfabetizasyon biliteral
- 21. *Èske mwen ka pran yon egzamen lang nivo avanse (NA) si mwen pa enskri nan kou lang Nivo Avanse (NA)?***
Wi. Elèv yo pa oblije enskri nan yon kou *Nivo Avanse (NA)* pou kapab pran egzamen *Nivo Avanse (NA)* a. Ou dwe kontakte konseye nan lekòl ou a pou konnen kijan pou enskri pou egzamen *Nivo Avanse (NA)* yo.
- 22. *Èske elèv k ap aprann anglè yo dwe demontre menm nivo konpetans nan lang angle tankou moun ki pale angle natif natal yo?***
Tout elèv yo oblije demontre konpetans nan lang angle epi yo ka fè sa nan plizyè fason. Gade [Kritè pou Sètifika Alfabetizasyon Miltilang lan](#). Aprantisaj Anglè Lekòl Segondè yo gen opsyon pou yo demontre konpetans nan Anglè lè yo atenn yon nòt 4.7 konpoze PL sou ACCESS pou ELLs evalyasyon pran nenpòt ki lè pandan lekòl premye sik segondè oswa lekòl segondè.
- 23. *Èske nenpòt moun ka pran ACCESS pou evalyasyon ELL yo oswa èske ou oblije idantifye w kòm yon elèv k ap aprann anglè?***
Se sèlman elèv yo te idantifye kòm elèv k ap aprann anglè ki ka pran ACCESS pou evalyasyon ELL yo.